Swedera Pedyo naMwari Nokunyengetera (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 17 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsananguriri sei vamwe zvaunotenda.



MWARI ANOTEERERA MINYENGETERO YESE HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vanhu vangati hungu?

Nei vamwe vangati kwete?

Ko *iwe* unoti kudii?

Nei uchidaro?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Mwari anoteerera minyengetero yevaya vanokumbira kwaari nemwoyo wese pasinei nekuti vari kukumbira chii.
(Ona ndima 1-4 dzechitsauko 17 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga VaFiripi 4:6, 7.
Panzvimbo pekunyengetera tichingokumbira, zvakanakirei kuti tigare tichipa minyengetero yekuonga?

Verenga Jakobho 4:8.
Munyengetero unotibatsira sei kuti tisimbise ushamwari hwedu naJehovha?

Tinofarira shamwari dzinotaura nesu nguva dzese, kwete padzinenge dzichingoda chimwe chinhu chete. Jehovha anofarirawo vanhu vanonyengetera kwaari nguva dzese, pamusoro penyaya dzakasiyana-siyana

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Mwari anoteerera minyengetero yevaya vanorarama uye vanoita zvinoenderana nezvavanenge vakumbira.

(Ona ndima 5-8 dzechitsauko 17 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Mako 11:24 uye Jakobho 2:26.

Nei zvichikosha kuti munhu ave nekutenda kuti anzwiwe naMwari uye tinoratidza sei kuti tine kutenda?

Verenga Mateu 6:11 uye 2 VaTesaronika 3:10.

Taura muenzaniso wekuti tingaratidza sei kuti tiri kuita zvinoenderana nezvatinenge tanyengeterera.

Nei *uchikoshesa* chipo chemunyengetero?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Mwari anoteerera minyengetero yese.

UNOGONA KUTI . . .

Ndizvo zvinofungawo vakawanda. Asi Bhaibheri rinodzidzisa zvakasiyana neizvi nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kunyengetera ndekwekungoita kuti unzwe zviri nani.

UNOGONA KUTI . . .

Ndizvo zvinofungawo vakawanda, asi ini handiwirirani nazvo nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania